

- 4) Disawang tina ma'na pragmatis kapanggih aya tujuh ma'na kalimah wawaran, nya éta (1) ma'na sikep aya 82 kalimah (25,15%), ma'na paménta aya 28 kalimah (8,59%), ma'na panghatur aya dalapan kalimah (2,45%), ma'na pangajak aya 14 kalimah (4,29%), ma'na paréntah aya 34 kalimah (10,43%), ma'na panyaram aya lima kalimah (2,15%), jeung ma'na panganteb aya 152 kalimah (46,93%).
- 5) Disawang tina tahapan pragmatis kapanggih aya dua tahapan kalimah wawaran, nya éta kalimah wawaran lemes aya 272 kalimah (83,44%) jeung kalimah wawaran sedeng aya 54 kalimah (16,56%)
- 6) Tilikan kurikulum kana pangajaran kalimah wawaran pikeun bahan ajar nyarita, hususna dina matéri biantara saluyu jeung Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (SK-KD) sarta pituduh-pituduh penyusunan Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP). Dina Kompetensi Dasar di SMA pangajaran biantara téh diajarkeun di kelas X.

Jadi, dina ieu panalungtikan bisa dicindekkeun aya 326 kalimah wawaran, 12 pola kalimah wawaran, tujuh ma'na kalimah wawaran, dua tahapan pragmatis kalimah wawaran, jeung data kalimah wawaran tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan ajar di sakola.

5.2 SARAN

Ieu panalungtikan téh ngan medar ngeunaan adegan pragmatis, ma'na pragmatis, jeung tahapan pragmatis kalimah wawaran sarta dipatalikeun jeung pangajaran wungkul. Data kalimah wawaran dina ieu panalungtikan bisa

nambahan pangaweruh jeung kabengharan kecap pikeun anu macana, anu saterusna bisa ningkatkeun kaparigelan dina nyarita, hususna dina biantara. Patali sareng hal éta, panalungtik miharep supaya ayana panalungtikan séjénna anu nalungtik ngeunaan kalimah atawa aspék kabahasaan lianna, anu dipatalikeun ogé jeung pangajaran. Aya sababaraha saran anu hoyong ditepikeun, diantarana:

- 1) Pikeun nu nalungtik, dina nangtukeun bahan anu rék ditalungtikna kedah bener-bener asak, hususna dina nangtukeun masalah jeung rumusan masalahna, ngarah dina ngalaksanakeun panalungtikan aya dina kalancaran jeung anu jadi udagan tina éta panalungtikan bisa maksimal hasilna.
- 2) Pikeun lembaga atikan, data kalimah wawaran tina hasil panalungtikan ieu bisa dijadikeun bahan ajar di sakola, kalayan disaluyukeun kana Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (SK-KD) anu aya sarta kondisi siswana sorangan.
- 3) Pikeun masarakat, data kalimah wawaran tina ieu panalungtikan mangrupa sempalan tina conto-conto biantara dina rupa-rupa acara. Ku kituna, data kalimah wawaran tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi dina nyusun biantara.